ШхапІэм сыщІыхьащ зымахуэ, сыкъэмэжьлІати. СпІури игъущыкІат. Іэнэзехьэм седжащ.

- Си щхьэр зэрыфІихыр пльагъуркъэ? - жесІащ Іэнэзехьэм.

- Сольагъу, - жиІащ.

- ПльагъумэІ, лэпс пщтыр къысхуэхь.

Къысхуэхьащ лэпс пщтыр.

Лэпсыр изгъэкІри, аргуэру седжащ Іэнэзехьэм.

- Мы лэпсымкІэ вгъэвар сыт?

- Танэл дгъэващ.

- Къысхуэхь танэли, - жесІащ.

НапІэзыпІэм кьигъэсащ танэлыр.

Танэл сшхамэ, псы Іэфі тесфыхьыж си хьэлщ игъащІэм.

- Псы Іэфі къысхуэхь. Лимонадщ жьыхэсІэр.

Лимонад къысхуихьащ. Зы джырафинэ из. Иэгъахъуэри сефащ. «Мыр ло: лимонадым и пІэкІэ аркъэ къысхуихьа си гугъащ», - жьаСащ сигукІэ. Зытезгъэгъуэгъакъым: танэлым дипфынкІэ сыт и лажьэ?

- Иджырэ зы джырафинэ къысхуэхь, щхьэкІэ щынщэ: пльагъуркъэ сызэрыримыкъуар?

ЕтІуанэ джырафинэм диспфащ танэлым. Ари псы Іэфщ, лимонадщ жьыхэсІэр.

Іэнэзехьэм сыщІэгубжьащ:

- Сэ лимонадт си и къызыхуикІыр, уэ аркъэ къыскхуэпхьащ.

- Дэ лимонадкІэ дызэджэр аркъэщ, - къызжиІащ Іэнэзехьэм. - Лимонад щхьэкІэ зыри къыщІыхьэркъым мыбы. Псоми ящІэ аркъэм лимонадкІэ дызэреджэр.

Лимонадым и зэранкІэ а махуэм ефэн къыщІэздзэжащ. Пстэ щІэкІащ си гум. Іэнэзехьэм емылъэпауэ - нужькІэ ухущІегъуэжьинщ.

Фагъуэ

ГЕРМАН зауэжьым ухэтамэ, уигу фІы щыщІэн? Іэджэ щэкІащ си нэгу, си фэм дэкІар кащІэжьым. Ара хущІ нобэр къызэдэсым сыщІэфагъуэр. Сызэрыфагъуэр сэри сощІэ. Сыфагъуэми, вым ишхынум хуэдизсогъэкІуащІ. Сыгъуэлъыжамэ, нэху щыху сыкъыызэщыуркъым. Сопырхэри, аращ си щхьэтъуэм хуэмышэчыр.

Зыпщэдджыжь зыстхьэщІщ, зыслъэщІри Іэнэм сетІысылащ.

Щхьэгъусэм игу къысщІэгъуащ, къызэпльри:

- Уфагъуэщ, зыгуэр зыдэбгъуэрэ?

Гъуджэм сиплащ: сыфагъуэт. Сызэрыщытащ, лажьэ симыІэ хуэдизщ.

ЛэжьапІэм сыкІуащ. Сигу ислъхьащ: «Фагъуафэ къызапльмэ, пІалъэ къыхэзгъэкІынкъым: дохутырым дежь сыкІынщ».

Си лэжьэгъуэм ящыщ зы къызбгъадохьэ.

- Мыр сыт? - жи си лэжьэгъуэм. - Щхьэ уфагъуэ нобэ? Зыгуэр зыдэбгъуэрэ?

Зыри зыдэзгъуэртэжьым, лажьэ сиІэтэжьым. ИтІани дохутырым дежь сыкІуэн сытегушхуакъым: аргуэрым фагъуафэ къызипльмэ, кІэ згъуэтащ. Ло-тІэ сщІэнур? Сыт сыщІэфагъуэр? Зы пщэдджьыжь кьигъанэрэкъым си фызым: махуэ кьэс къызеІуэжі сызэрыфагъуэр.

- Дохутыр зэгъэпль, - скІэрыкІыркъым фызыр. - ЗэпхьэлІэн пхуитхынщ.

Сыт зэсхьэлІэнур? Герман зауэжьым льандэрэ сыапхуэдэщ, уэсми уэшхми сыхэтащ - къысщІэкІуэжауэ арагъэнщ.

Сигу ныкъуэщ сызэрыфагъуэм щхьэкІэ. Фызми къызеІуэжі, лэжьапІэмэ сыщагъэтыншыркъым: «Нобэ уфагъуэщ, зыгуэр уилажьэщ уэ».

Си лажьэр зыщІэ зы ныбжьэгъу сиІэщ сэ. Сыкьигъэпщэнукъым, игу къысщІэгъунущ, си гур фІы схуэпшынущ.

«Си ныбжьэгъужьым деж сыкІуэнщ», - жьыСІэри гупым сщІащ зымахуэ.

Іэнэм зы бащырыбэ кьитригъэуащ си ныбжьэгъужьым. ЕтІуанэ бащырыбэри кІэлъыдгъэкІуащ. Тхъуэпть сакъуаущ сыкъэжьуэжащ ди унэ.

Абы льандэрэ сыфагъэжьжьым.

Апхуэди къохьу

ФЫЗАБЭ гуэрым лІы дэкІуэжьи мурад ищІащ. И щхьэгъусэр зэрыпІрэ ильэс фІэкІа мыхьуами, унэм щІэзэшьхьат фызабэр. И гъунэгъур нэхъ щІалэти, Іуэхутхьбзэ кьригъащІэрт: шэ, шатэ, тхъу, щІакъуэ кьригъэщэхурт.

И гъунэгъуэм зыхуигъэтхъэмышІащ фызабэм:

- Насыпыншэщ щхьэгъусэ зимыІэжьир. Зыри сыхуэнькъуэжьым, дзэ дохутыр Іэщ Іащэм сролажьэри, псори согъуэт. Сымыгъуэтыр хэт жьыЗт: щхьэгъусэ! Зыри къысщІэупщІэркъым. СыщІыхубз екІуащ, къыздзбгъуэн щыІэжьым.

- УцІыхубз екІуащ - ар псоми ящІэ, - акъылэгъу мэхъу гъунэгъур.

- ЩІэркъым, аракъэ сыщІыІэзгъэпыр. Ящ1эмэ, зыгуэр къысщІэупщІэнт.

- Сэ хыхьхэхэІ сиІэщ, жьлэм ухахэгъэІуэнщи, уэзхахмэ, зыгуэр кьыпщІэупщІэнщ, - жиІащ гъунэгъу фызым.

- КьысщІбгъэупщІаІамэ, сыбгъэунат! - гуфІащ дзэ дохутырыр. - Апхуэдэ Іэхъутхьбзэ къыслхуэпщІэмэ, уи фІыщІэр стекІуэдэнтэжьым. Ахъшэ си куэдщ, себлэнукъым.

- Дапщэ къыззэттынт?

- Ар къысслхуэбгъуэтым ельытащ. Къыслхуэбгъуэтым щхьэ фІэтмэ, щІэнныгъэ иІэмэ, зэкІэлыкІуэмэ, тумэнищ уэстынт, - жиІащ дзэ дохутырым.

- Тумэнищыр машІэщ. Тумэнитху кьыззэти, уи Іуэхум и ужь сихьэнщ. Зыгуэр соцІыху сэ, зытетІысыгъэсэнухьэм, щхьэм фІэтщ, щІэныгъи иІэщ, цІыху екІуащ. И Іэщ1агъэм ущІэупщІэмэ - монтерщ, зыхэмызагъэ щІэлъкІым, теплъхьэр и хьэлъэщ, - жиІащ гъунэгъу цІыхубзым.

- СыгъэцІыху-тІэ ар. Зы тумэн уэот зэкІэ, - жиІащ дзэ дохутырым.

Тумэныр кьыщтэри щІэкІыжащ гъунэгъу фызыр. Щхьэи фІэту, щІэныгъи иІэу зыт ицІыхур - езым и щхьэгъусэрат.

Дзэ дохутырым и хьыбар хуиІуэтащ гъунэгъу фызым и щхьэгъусэм.

- Ахьшэ зхущэм дыхьыумыгъэкІыж, - жриІащ и лІым. - Тумэнитху къыІыщІэдгъэкІыфынущ дзэ дохутырым. Ар уфІэмащІэ?

- СфІэмащІэкъым, - жиІащ лІым.

- НтІэ щхьэ ухэпльэрэ?

- «Нэчыхь» жиІэрэ къыспиуфыдмэ-щэ?

- Кьыппиуфыдмэ, егъэтх. Нэчыхьыр къутэжьыгъуэй уи гугъэ?

- Уэ-щэ? Уэращ сигу пымыкІыр, - и щхьэм щІэтІэхъуащ лІыр.

- Сэр щхьэкІэ умыгуазэ. Тумэнитху кьыІэщІэдгъэкІыфынущ, ахьшэм дыхьыумыгъэжьж. НэгъуэщІ гуэр уи яп ящІэ, щапыкІакъэ ахьшэ хъушэм! Мазэм тумэнитху къэзымылэжьыфыр машІэ - ар кьыбгурыІуэркъэ?

- Кьызгуроіуэ.

- Кьыбгурыіуэмэ, умышэнауэ. Сэ сыкІуэнщи, щхьэгъусэ хуэхъун кьызэрыхуэзгъуэтар жесІэнщ дзэ дохутырым. Ущемыгъуэж закъуэ, уимыкІуэтэжь.

Дзэ дохутырым деж жащ фызыр:

- Щхьэгъусэ пхуэхьун кьыпхуэзгъуэтащ. Щхьэи фІэтщ, щІэныгъи иІэщ, щхьэ зэжьлъыдуэщ.

- Апхуэдэжьэ сэ схуэмыпІуэтыр! - гуфІащ дзэ дохутырыр. - Дапщэщ щызбгъэщІыхунур?

- Нышщхьбэ кьыпхуеблэгъэнущ. Пщэдей эчыхь евгъэтх.

Гъунэгъу фызым тумэнитху кьритащ дзэ дохутырыр. Ахьшэр зыкІэщІнупщІэри я унэ ильэджащ фызыр.

- Нышщхьбэ укІэунщ дзэ дохутырым деж. Кьыппоплъэ, - жриІащ и щхьэгъусэм.

Пшапэр зэхигъауэри, дзэ дохутырым деж кІуащ лІыр. КІуэри щІэзэщІащ: махуэ, махуитІи, тхьакъуэм джадащ - лІыр дунейм кьытехьэжьыркъым. Фызыр гужьеири, дзэ дохутырым деж жащ. ЛІыр пІэ хуабэм хэльщ, дзэ дохутырыр пщэфапІэм щоІэуэльауэ.

- Щхьэ нумыгъэззэжрэ? - жьэхэльащ фызыр и лІым.

- Нэчыхь едгъэтхакІэщ. Уи щхьэгъусэм упыкІащ, - кьыжриІащ лІым.

АфІэкІ тригъэзакъым, и лІыр дзэ дохутырым кьызэримыуТыпщыжьынур кьыгурыІуэри. Апхуэди къохьу-тІэ, сыт пщІэн?..

Мэтхъэж

ЗЫ ТХЪЭМЫЩКІЭЖЬ дунейм ехьжащ. Щыхум кьаззрыхэщ щыІэтэкъым дунейм ехьжар - и лэжьыгъэжІи и псэукІэжІи. ЯгъащІ льандэрэ дыззрихьбзэщи, Іэджэ хужаІащ дунейм ехьжа тхъэмыщкІэм: щыхуфІт, укъингъэщІэхъунутэкъым, бзэгъуэтэкъым, псэукІэ ищІэрт. МыІаМэ, апхуэдэ щытхъу хужаІэнтэжькъым. И насыпти, и чэзууэ лІащ. Сыт кьыпхужаІэми, умылІэмэ нэхъыфІщ - ухуэмыпІащІэ абы: ухунэсынщ...

КІэщІ зебгъэщІмэ, щІым щІыхьэжьам псалъэ гуапэ щыхужаІащ лэжьапІэми: цІыхуфІт, псэукІэ ищІэрт, ныбжьэгъуи игъэпэжьыртэ, бзэгъуэтэкъым. Абы щымыгъуаззэр лІам и кьуэшым и кьуэ закъуэрт. Хьэдрыхэ кІуам щытхъу-псыр кьыщІрагъэжьхьым, абы и кьуэшым и кьуэм жиІащ:

- Зы фэтэр дыщІэсащ си адэ кьуэшымрэ сэрэ. КьыщІысфІэни кьыщІызэІэдэжьауи кьэхъуащ. Псори хуэгъэгъу, апхуэдизщ щыхужьыфІэкІэ: и ахьрэтыр нэху ухъу.

ЛІам и ахьрэтыр нэху хъуми, кІыфІ хъуми, и зэхуэдэт щІалэм: и нэпс кьекІуакъым - гу льатэнтэжьэ щІыхум. Льэжьінурати, оркестркІэ щІригъэлъхьащ и адэ кьуэшыр.

Оркестрыр кьригъэблагъэм жриІащ и щІалэм, и пщІыхьэпІэ кьыхьхуэртэжьым, унафэщІым кьримыІуэжІамэ. УнафэщІ жьыхуэсІэр дунейм ехьжам и лэжьапІэм я директорыращ.

Хьэдэр щІалъхьа нэужь, щІалэр директорым бгъэдыхьащ.

- Оркестрым пщІэ етын хуейщ. ПІалъэ кьыхэдгъэкІ хъунукъым: нобэ джэгуакІуэ йожьэри, хьэдэщІэлъхьэ уасэр етын хуейщ.

- ХьэдэщІэлъхьэ уасэр оркестрым езытын хуейр уэракъэ? - жиІащ директорыр.

ЩІалэм и нэр кьихуащ:

- ХьэдэщІэлъхьэ уасэр кІэзонэм итын хуейуэ кьызжезыІар уэракъэ? Сэ схуэзэфІэкІынурати, оркестыр кьезгъэблагъэ кьудейщ.

Директорым кьыжриІащ:

- Ар пэжщ, ауэ оркестр дыхэтын си гугъэкъым сэ. ЦІыху жьгъейщ дунейм ехьжар, абы щхьэмІэ оркестр дыкьыщІдежэн щІыкъым, хуэфащэтэжьым.

И кьудэдзэхэри кьыдэщІащ директорым.

- ГуэвакІуэ дыкьэкІуащи, кьудыщэщ. Зыгуэр лІэху, хьэдэщІэлъхьэ уасэ ттын хуей? Щыгугъ абы! Уэращ оркестр кьезыджар, ет ахьшэр, - кьыжриІащ.

- ФыгугъыІэрэ хьэмэрэ фи фІэщ? - жиІащ щІалэм. - Сом щитІ дэнэ сэ кьыздизвгъэхьынур?

- Уи благъэхэм уи хьэтыр кьальаГъунщ.

Сыт ищІэнт щІалэм: и адэ кьуэшым и фызым (фызабэ хьуам) Іуэхур зытетыр гурГъэІуащ.

Фызабэр гъынэна фІэжьа, и гуфІакІэ дэІэбакъым.

ЩІалэр оркестрым яхуиІащ кхъэм щыкІуэм:

- ВгъэувыІэ музыкэр, сэ ахьшэ сиІэкъым.

- ДгъэувыІэнукъым, - кьыжриІащ, - и кІэм нэдгъэсынущ. Судым еттынщи, дыкьезыджам ахьшэр кьыІэщІэдгъэкІынщ.

Директорым кІэбгъу зищІыжащ: «ЛэжьапІэм кьызагъэджащ», - жиІэри.

Утыкум кьинащ щІалэр. Оркестр уасэр итын хуейти, и бэльтор сом щитІрэ тумэнихкІэ ищащ. Сом щитІыр оркестрым ярятащ, Тумэнитху кьыхуэнащи, мэтхъэж: нобэми ныжьбээми йофэ, и адэ кьуэшыр дунейм зэрехьжар игу щІыхьащи.

Дыгъухэр

ДИ ЗЭМАНЫМ дыгъухэр апхуэдизкІэ бэ гъуащи, уэзрагъакІуэркъым. Льэбакьуэ пчыху уапэщІохуэ. Зыгуэр зыфІамыдыгъуэ бгъуэтыжьынукъым. Сэри аращ кьыслщІыр.

Жмеринкэ сежьауэ гъуэгу сытетт. Гъуэгуращ си гъуэантэр щысфІадыгъуар. Сыт хуэфащэр дыгъум, сыт епщІэ хъунур? Сэ зэхэсхащ: дыгъум хуэфащэр ящІэ финхэм: и Іэ нижьыр паупщІри яутІупщьк - дыгъуэ иджыри! И Іэр щыпымытыжкІэ, сыт зэрядыгъуэнур? Тыншыжащ финхэр - а хьэл Іейр зыхгарэнащ дыгъухэм. Я унэхэми ІэнкІыбзэ иратыжькъым финхэм. Зыгуэрым и бохьшэр уэрамым щыкІэрыхуакІи зы цІыху е1эбыкІнукъым. Хьэуэ, е1эбыхьнуц: бохьшэр кьащтэнуръ, уэрамыщхьэм тет тетІысхьэпІэм тралъхьэнуц. Зейр кьыкІэлъыдыкІуэху, уэрамыщхьэм тельынщ бохьшэр. Си фІэщ хъун ар? СыбукІамэ, си фІэщ хъункъым. Бохьшэр кьыхьифІадззэжьынкІэ мэхъу, ауэ дэлъыр зыкІэщІаупщІэнущ...

Жмеринкэ сынэмыс щІыкІэ си пхъынтэ щыкІур скІэщІадыгъуКІащ сэ. Дэлъари зыкІэщІаупщІащ. Дэлъари сыт жьІэт: ракъэ лъэгурыдзыжьь. Я щхьэфэм ирадзыну лъэгурыдзтІорысэр. ГущІэгъу кьыслхуащІакъым - яхьащ лъэгурыдзыжьри.

МафІэгум сызджысым зы жьакІащ псэльэгъу кьыслхуэхьуащ.

- Сакъ, - кьызжиІащ си псэльэгъум. - Дыгъум я кІуанІэщ мафІэгур, умыгасакъэ, зауфэкьынурэ ежьэжьинущ.

- Абы щхьэкІэ сыгъэзавэркъым сэ, - жьаСІащ. - МафІэгум сыщисым деж согъуэлъри си щхьэр пхъуантэм тызолъхьэ. Дауэ скІэщІадыгъуКІэм си пхъуантэ укьуеяр?

- Пхъуантэ укьуея дэнэ кхъэна, уи щырыкьури дагъэжьІуэжкІэ мэхъу.

- Си щырыкьур льапщэ кІыхьщ, си льэгуажьэм кьыфІокІ, - жьаСІащ. - Щырыкьур сщахьфынукъым.

- ИтІани сакъ, утемыпІпльэкьуКІ, - чэнджэщ кьызэитащ си псэльэгъум.

МафІэгум дыщІнутсКІэуРэ, сыщхьэукъуащ.

Си щырыкьум сыкьынгъэушащ. Си щырыкьуракъым: ар слъызытхъ дыгъуращ сыкьэзыгъэушар. СлъимытхъипІэ щыкІэ сыкьыщІыпэтри, дыгъур есхужьащ.

Есхужьа щхьэкІэ сыщІыхьажьым: си щырыкьур нЫкьуэщхьэ, сигъэбжьуэркъым. СокІий. МафІэгум исхэр кьэщтащ:

- Сыт къэхуар?

Къэхъуар яжесІащ. Дыгъур сІэщІэжащ. Кьэзгъэзэжмэ - си пхъуантэ щыкІум сыхэжьжауэ кьыщІэжащ. Дыгъур си щырыкьум кьыщІекьуар си пхъынтэ щыкІур скІэщІнгъэкІуэсыкІын мурад ищІауэ арагъэнт.

КьэхьуЛІащ дыгъум и мурадыр - пхъуантэ щыкІур зыІэригъэхьэри кІэбгъу зищІыжащ.

МафІэгур станц гъэрым дежь кьыщІыуІащ. «Сытхъэусхэнщ, - жьаСІэри мафІэгум сиІащ. Станцым тет хьэтхауэм сыхуэтхъэусыхащ.

- Дыгъур кьыфІэрыхьэмэ, фыщІмысхь, и Іэр пывупщІ, - жесІащ хьэтхауэм.

Хьэтхауэр мэдыхьэшх.

- Дыщьсхьынкъым, - жи хьэтхауэм. - Си кьэрэндащІур стІолым тепхри уи жьыпм ипльхьащи, кьэгъэтІылъыж.

КъэрэндащІур си жьыпм ислъхьа зэрыхьуар кьысхуэгубзыгъэжьыркъым.

- КъэрэндащІым уджКІуэтэнт: си шакъальэри сфІихьыгъащ хьэхэбэсэ гуэрым.

КъэрэндащІур стІолым тесльхьэжри сыкьыщІэкьыжащ. МафІэгум ситІысхьэжауэ си щхьэм сыщІотІахьуэ: «Дыгъу псоми я Іэр паупщІэ, хэт бгъэлэжьжьэнур ИтІанэ? Іэ япымытьжкъэ, бгъэлэжьжьэн бгъэутэжьыжьыкъым - ар нэхъыкІэжщ».

И ПІани зыгуэр кьаХуэгуэгъусыхэм кьуэдыгъухэм. Кьахуэдмыгупсысмэ, кІуапІи жапІи кьыдатынукъым. ГъащІэр ефІакІуэ зэпытщ, хэт ищІэрэ, дыгъуэшх-дыгъуэлІым кІэ ягъуэтынщи, дытыпшыжьынщ зэгуэр. ДыщцІигуэтынщ абы: ди нэ кьыхуэкІри, ди нэгу щІэкІынкІэ хъунщ - щхьэ дыхуэпІащІэрэ?..

Улахуэм и Іыхьэ щанэ

ГУСЕВ Володькэ хеящІэр кьыхурикъуащ иджыблагъэ: и улахуэм и Іыхьэ щанэр сэ бийм иритын хуейуэ унафэ ищІащ хеящІэм. «Сабийм сатеплъэ хъужьыркъым, хеящІэм апхуэдэ унафэ зэрищІ льандэрэ», - кьыскхуэтхьэусыхащ щІалэр.

«Сысейр сысымейрэ сщІэркъым сабийр, аращ хеящІэм и унафэм сыкьышІитъэчар», - кьызжиІащ Гусевым.

- Емыкіу илъкьым, сабийр зейр щумыщІэкІэ, - сигу щІэтъащ щІалэм. - Дауэ зэрыхьуар?

- Зэрыхьуаращ, - щыгъуазэ сищІащ Гусевым. - Сабийр сысейуэ игъэІуащ ар къэзылъхуа куэпэчым. Си фІэщ хъуркъым сысейуэ. ХеящІэм сыхэзэгъакъым итІани. «Уи улахуэм и Іыхьэ щанэр епТынущ, - жиІащ хеящІэм. - Араш хабзэр».

Сыкьигъэлыбащ хеящІэм: хэт зэстынур си улахуэм и Іыхьэ щанэм?

- Уи сабийращ, - жиІащ хеящІэм.

- Сабийракъым куэпэчыр щІэгъазавэр. Улахуэм и Іыхьэ щанэм кьыщІэзэур езы куэпэчырщ. Сабийм дэнэ щищІэрэ сысейр? Ищ1эмейрэ? И бзэр псальэркъым иджыри... Мазэм тумэнищрэ сомитІрэщ сэ кьэзлэжьыр. Тумэнрэ сом фІыщІищрэ сабийм естмэ, сэ дапщэ кьыслхуэнэнур? СшынкІи щыстІэнэкІи схуэрикъуурэ кьыслхуэнэр? Срикъунукъым. МэжьащІалІэу, фаджэу сыдэтынущ уэрамым итІанэ. Зыгуэр ящІэгъуэ кьыслхуэнщІи, хэт сигъэшхэн? Си улахуэм и Іыхьэ щанэр сІэщІитъэжІмэ, кьэупчъм туфлъэ льэдакъэ льаГэ, дыжь джэдыгу кьишэхунщ, уэрамым кьыдэувэнщ - сабий пхуелІэлІэн ар! Сабийр сысейтэмэ, зыгуэрым хуэдэт...

Хеящ1эм кьызжеІэ:

- УеиннкІэ мэхъу, уигу кьэгъэкІыжьыт.

- Сыт сигу кьэзгъэкІыжьынур? - жесІащ. - Куэпэчым и унэ зы жэщщ нэху сыкьызэзрыщекІар, трамвайм сыщрихьэлІати, сригъэбгъэзащ. Трамвай уасэри хуестащ, иджы си улахуэм и Іыхьэ щанэри естын хуей?

- Щэч кьыщытепхьэкІэ, сабийм деплъынщ, - жиІащ хеящІэм.

Куэпэчри щэтт хеящІэ унэм, сабийри иІыгът, и Іэплъэм иракъызыхьауэ.

Сабийм епльри, хеящІэм жиІащ:

- И пэр уи пэм ещхьщ.

Сэ жьзоІэ:

- Сабийм и пэм зытезгъэгъусэркъым сэ. Сабийм и пэр си пэм зэрещхьым щэч кьытесхьэрыкъым. Сабийм и пэм сомиц е сомищрэ ныкьэрэ щІэстыфынущ. И пэр хэбгъэкІэ, и Іэпкъльэпкъыр си Іэпкъльэпкъым ещхькъым. Сэ сыкъамылыфэщ, сабийм сопльри, цІыджэхунэщ. ЗэрыцІыджэхунэм щхьэкІэ зы сом е сомрэ ныкьуэрэ щІызгъужьыщ.

- Ущхъ быдэри сыт, итІани сабийм и пэр кьыпачауэ уи пэм ещхьщ, - жеІэ хеящІэм.

- Сабийм и пэр си пэм ещхь щхьэкІэ, епльыІуэт: и пэ гъуанэр зэвыбзэщ. Апхуэдэ пэ гъуанэм щхьэкІэ сом нэхъыбэ стыфынукъым. СутІыщщк, кудкъэ сызэрипхухьар? - жьаСІащ сэ.

Хеящ1эм жеІэ:

- Зэ умыпІащІэ. Унафэ тщІынщ иджыпсту.

Унафэ ищІащ хеящІэм: си улахуэм и Іыхьэ щанэр сабийм естын хуейуэ кьыригъэкІащ.

- ПсыхэкІуэдэ хьуащ си улахуэм и Іыхьэ щанэр, - жьаСІащ сэ, хеящІэм деж сыкьыщІэжьыжьым. Гуныкьуэгъуэ сыщыщІэнукъым дяпэкІэ. Улахуэм и Іыхьэ щанэр сабийм тетъэжІуадри, кьыпщыщІым епльыт: уи кІэтІийр зэрыльъэдэнкІэ мэхъу.

Усакіуэ

АУСАКІУЭМ и цІэ-унэцІэр сигу ихуакьым ноби. И унэцІэр Овчинниконт. И цІэр сщыгъупщэжьхэхэнутэкъым - Иван.

Тхъэмахуэ зэхуакум щэнейрэ кьаКІуэрт ар си деж. Кьызэуасэри, махуэ кьэс кьаКІуэ хьуащ.

Пэшым кьыщІыхьэрт, си пащхьэ кьиувэрти, усэ кьыслхуеджэрт.

- Си усэр зыІуэрыи сухутребгъадзэркъэ, - кьызэлъэІурт, ар зэрысхуэзэфІэкІынум щэч кьытрихьэрэгъэкъым.

Жэуап щэзмытым деж гъуэлъапІэм итыпсхьэрти, хущхьэрт, щатэрт.

- Усэным сыкьыхуальхуэщ сэ, сызэрысабий льандэрэ сотхэ, - жиІэрт.

Сыт жесІэнт: щІагъуэтэкъым и усэхэр.

- Рифмэм хуэныкьуэщ уи усэхэр, - жесІамэ, зигъэзгуэрт.

- Рифмэм сыхэзагъэркъым, аращ сытеплъэ щІэмыхьэр, - жиІэрт.

Щалэм и уситІ-щы редакцэм схьащ.

- Пахаха?? - кьызэупщІащ щалэр.

- СІахаккъым.

- Щхьэусыгуэ ящІыр сыт?

- ПІамыхьнумэ, щхьэусыгуэ ягъуэтынкъэ?

- Кьэздгъуэ я гугъэ? ІэбэльабэфІ сыщыщкъым сэ, льэпкъ узынщэ сыкьыхэжІащ.

КьызсІэлъыкІуэ зэпытт, усакІуэр кьыслэжьэжьэгъуащ. Си щхьэр щІызигъэхьауэ жьыпІэ хьунущ. МазитІкІэ скІэрыкІакъым, кьызэуасэри.

Зымахуэ кьэкІуащи, и Іупэр зэтехьэжьркъым:

- Си усэхэр трамыдзами, мыр традзэнкъэ? - жеІэрт.

- Сыт зищІысыр? - сеупщІащ.

- Поэмэ кьыслІэщІэтхьыхащ. Махуиткіэ селІэлІащ поэмэм, си фэр ирихащ.

Поэмэм седжащ - зыри хэзгъуэтакъым.

- ПыкІ усэнщ, - жесІащ. - ПыкІи, лажьэ.

- Сыт сыбгъэщІэнур? Мывэр зэпыскхынт, лэжьапщІэ кьызататэмэ.

Лэжьапі э кьызхуэзгъуэтащ. МазэкІэ кьытехьакъым дунейм, и Іэщ1агъэм дихьэха хьунти.

Мазэ хуэдэ дэкІуэу кьэжІуащ. Си пащхьэ кьиувауэ зегъэхтхэмышІкІафэ.

- УсэмкІэ згъэззэжьн хуей хьунущ, - жиІащ щІалэм.

- Сыт щхьэкІэ? - зэрыщІагъуащ. - ЛэжьапІэ хъарзынэ кьыпхуэзгъуэтащ - уахэзагъэркъэ?

- Сахозагъэ, - жиІащ щІалэм. - Кьызатыр машІэщ, схуркъуркъым.

Щезгъэжьэжьм, кьызэлъэІуащ:

- Сомищ кьызэІуІащ. ЛэжьапщІэм срикъуркъым. Араш усэм зыщІестыжьнур.

Сомищ сІихри, ежьэжащ щІалэр. Щыхуэм дэкІуэдащ щІалэр - афІэкІа кьыкьуэкьижьакъым.

Актер

МЫ ХЪЫБАРЫР кьыслхуэзыІутэжар актерщ. ЩІэрыІуэкІэ уеджэнкъым, и нэ абы кьыхуникІм. ЦІэрыІуэ зэрыхъуар нэгъуэщІкІэщ. Езым кьыслхуиІутэжащ, пцы теслъхьэркъым.

«Актеру ущытар пэж? - фыкьызэоупщ фэ. Пэж зэфэззэщщ. Пцы сыупсмэ, ныщздибэ сшхар хьэрэм схуэху.

Сценэм укьихьэмэ, цІыхур кьыпІуроплъыхь, я нэр птрагъэкІыркъым. Іэгу кьыпхуоуэ, кьогуо, кьыпщодыхьэшх, ауан укьэзыщІи кьхэхІыкІнкъэ!

Театрым пьесэ щагъэуващ зэгуэрым. КьызэрызубзыгъажькьмкІэ, «Хэт кьуанщэр?» - аращ зэреджэр. Хьупщакіуэхэр кьежэри, дэжьигр яубыдащ, жьэм жьэдэплъхьэн кьыхуагъэнакъым - яхьунщащ. Арат пьесэр зытеуХуар. Спектаклым щІамыдзэ щІыкІэ дэжьигым и ролыр зыгъэзащІэ актерыр ефащ, чэф хьуащ - дижэгжьыфыкъым. Режиссерым кьызжеІэ:

- Хьэмэ кьилхуам дыпыкІащ нобэ, дыкьигъэщІэхьуащ. Абы и пІэкІэ уджэгуфынкъэ?

Зыхэзгъэзэрыгакъым зыкъомрэ:

- ХьарбыэитІ зэрысщхрэ куэд щакъым, си щхьэр лажьэркъым, - жысІащ сэ.

- ДыкьыумыгъэщІэхьу, си псэр зышхын, - кьызолъэІу режиссерыр. - Сценэм ихьи, цІыхур тегъэу, я нэгу зегъэужь. Модрейм зыкьищІэжьынкІэ мэхъу.

Сыкьытригъэхьащ сытми. Сценэм сихьащ. СыкьащІыхужьынтэкъэ цІыхум - зэщІодыхьэшхэ, зэрогъэкІий:

- Умыгуэавэ, Вася, умыгужьей!

Пьесэм зэрыхэтымкІэ, дэжьигыр яхьунщІэн хуейт. Кьызэжьауэ сахьунщІэ. Си жьыпм зыгуэр кьыззэриІэбами гу лъыстащ - дэтхэнэр пщІэжьн?

- Уа жьыІэ! - сокІий. - Сахьунщ1э! Си жьыпир яунэщащ.

Си жьыпми кьыщІэзтенакъым - си джанэри сшауащ, си пІэри сщхьэраудащ, сраудри, си щырыкьури сщатхащ.

- Хьун зи цІэ кьысщІынакъым, емынэунэ хьун! - сокІий.

Режиссерыр кьыскхукъуоплъ:

- Дэжьигым ещхьыркъабзэ уохьу! Ущемыгъужь закъуэ!

УщіемыгъужкІэ гущІэгъу кьыпхуащІын цІыхум: кьызэжэри сафащІащ. Си бохьшэр зыІэрыхьар сыткІэ пщІэн - бохьшэми сыпагъэкІащ. Ахьшэ дэльати, араш сигу кьеуэр.

- Іупхьуэр Іупхьуэр кьевдзыхь! - сокІий си макъ кьызэрихькІэ.

Іупхьуэр кьрадзыха нэужь, си бохьшэми си ахьшэ тІэкІуми сызэрыпыкІар жесІащ режиссёрым.

Псори кьригъэхъунщІащ режиссерым. Ахьшэр ягъуэтыжакъым, бохьшэ нэщІыр сценэм кьрадзэжащ.

Си насып хэль хьунтэжьым актер Іэщ1агъэм: сценэм сыкьихьэн афІэкІа сытегушхуэжакъым».

Дэжьг - сатуущІэ, сондэджэр

Зэзыдзэкіар

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.

Сурэтыр **СЕРГЕЕВ Виталий** *ищІащ.*

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзэ

● Нэщэнэхэр

Псы макъыр ипщэкІэ къыщыІумэ...

- Мэрем, гъубж пшыхьэм цы яптэкъым, яджтэкъым, ятІэ зэрахьэртэкъым, фІыкъым жаІэрти.
- Нал къзбгъэтыну фІыщ.
- Нэр шхэмэ, угъынущ, жаІэрт.
- Псы макъыр ипщэкІэ къыщыІумэ, уэфІ хъунущ.
- Псы кьудей къзбгъэкъуалъэмэ, уи бым и пщэр мэкІуэд, жаІэрт.

●ЖьІэгъуэхэр

Къэзыгъэзэж ипэкІэ маплъэ

- Зи акъыл икІар нэгъуэщІым ейм ихьэркъым.
- Зи ныбэм къыдэмыхуэр щхьэлажьэщ.
- Зызыгъэделэ нэхьрэ - зызыфІделэ.
- Къэзыгъэзэж ипэкІэ маплъэ.
- КъызыгурымыІуэмкІэ гъащІэр кІэщІми кІыхьми зэхуэдэщ; купщІэншэщ.
- КъыттекІуэм делэ фІыдощи, дыфІэкІа хуэдэу догъэІуэ.
- Нэм кІэреч, тхьэкІумэм щощІэ, акъылым хохъуэ!
- Нэмысыншэм захешинкІ, щхьэхуещэм зеудыгъу, акъылым щхьэщэ ещІ.
- ПфІэделэм уфІэгубзыгъэкъым.
- «Сыхунтщ», - жиІэу щІэзыдзар делэ хъууэ хуежьащ.
- ТхьэкІумэм къиІуэр жьэм губзыгъагъэу къыжьэдэкІыжмэ, щхьэр мэла- жьэ!
- Щыху тэмэм хуэзэмэ, делагъэм къытригъэзэжыркъым.
- Зи ныбэм къыдэмыхуэр щхьэлажьэщ.
- Зызыгъэделэ нэхьрэ - зызыфІделэ.
- Къэзыгъэзэж ипэкІэ маплъэ.
- КъызыгурымыІуэмкІэ гъащІэр кІэщІми кІыхьми зэхуэдэщ; купщІэншэщ.
- КъыттекІуэм делэ фІыдощи, дыфІэкІа хуэдэу догъэІуэ.
- Нэм кІэреч, тхьэкІумэм щощІэ, акъылым хохъуэ!
- Нэмысыншэм захешинкІ, щхьэхуещэм зеудыгъу, акъылым щхьэщэ ещІ.
- ПфІэделэм уфІэгубзыгъэкъым.
- «Сыхунтщ», - жиІэу щІэзыдзар делэ хъууэ хуежьащ.
- ТхьэкІумэм къиІуэр жьэм губзыгъагъэу къыжьэдэкІыжмэ, щхьэр мэла- жьэ!
- Иримыкъуклэр Іэджэщ; щІэныгъэкІэ, нэгъуэщІкІэ, кьинэмыщІкІэ, - ныбжкІэ иримыкъужьыр тхьэмыщкІэщ.
- Нэхъыбэм яІэр зиІэм имыІэ щыІэкъым.
- Факъыгъэм дыгъу хьэщІэ къыхуэжІэркъым.
- Бзэгу зыхуахьыр къэбгъанэу зыхьым ущымыхьэ.
- Лажьэ зимыІэ дзэр Іуохури, бзэгур къонэ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5.** Адыгэ таурыхъэм уэщырихьэлІэ домбеижь. **6.** Нащэ ... **9.** Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъ. **10.** Бжэныфэм кьыхэщІыкІ Іуданэ. **12.** «... - банэ щымыІэу, мамыру псэун къэрал Тхьэм дищІ - хъуэхъум хэту щыжаІэ щыІэщ. **15.** Мэльщ щабэ. **16.** Цыхум зэрелъэ хьэмбылу лІэужьыкІуэ. **19.** Хьэжыгъэм кьыхащІыкІ шхыныгъуэ. **22.** ІуэхукІэ хамэ кьалэ кІуа цыхур нэху къыщекІ хабзэ унэ. **23.** ПщІантІэм хэль бжэ. **25.** ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **28.** ХадэхэкІ. **29.** Унагъуэ кьэс яІэ хьэпшыпІ, Іэмэпсымэ. Нэхьыбэу кьэзыгъэсэбэпыр цыхубзхэрщ. **30.** Уэынщагъэр хьуэмэныкІэ, куорт ІуэхуэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и министр ... Ирмэ. **33.** Члисэхэм кьыщеуэ уэзджьынэшхуэ. **35.** Муслъымэн лъэпсышхуэ. **37.** МахуэщІэ. **39.** Нартыху ... **40.** Цыху фейцей, теплъаджэ. **42.** Зи ахъшэр, мылъкур хуабжьу зыкъуэ. **45.** Унэм щигъэзэщІэн хуеИуэу еджакІуэм кьрат дерс. **46.** Кьыщалъхуар мыхъуу, нэгъуэщІ щыпІэ щыпсэу цыху. **48.** Быдагъэ зыхэмылъ, кьутэгъуафІэ. **50.** Цыхуу ... **51.** Фэ Іув гъэтэджа е ... бгырыпх. **48.** Щоджэнщыкіу Алий и усэ цІэрыІуэ.

Къехьу: **1.** ХьуэмпІэщІэдж Іуащхьэ. **2.** Хьэцэпэщэхэм я лъэдийр. **3.** Сабий гъыринэр зэрагъэуэдэу. **4.** Пасэм адыгэм я унащхьэр зэрагъэбыдэу щыта. **7.** Адыгэ пшынауэ цІэрыІуэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист. **8.** ХадэхэкІыр Іисраф эзтезыщІэ дзыгъуэшхуэ. **11.** Бакъэдыж Іэмэпсымэ. **13.** Тхакіуэ цІэрыІуэр ягу кьагъэкІыжу, ... дахэ екІуэкІащ. **14.** Щы-Іэм ису, мафІэншэу кьум нэщІыжьым кьинат нартхэу Жьынду ЖьакІэ, Сосым, Мэзытхъэ, Арыкьшу, Ашэмэз, Батэрэз, ... сымэ. **17.** Шым и пщэм тет цы кІыхь. **18.** Дзыгъуэм и бий кІэуфІыщІ. **20.** Шым и кІуэкІэ. **21.** Пхъэм кьыхэщІыкІэ бжэмышхьышхуэ. **24.** Адыгэ генерал. **26.** Зеиншэ. **27.** Уафэм щыздеждэ «бжьэхуц» Іэрамэхэр. **31І.** Тэрч щыналъэм хиубыдэ кьуажэ. **32.** Адыгэ лъэпкъ. **33.** Хьэкъущыкъу. **34.** ГъэшхэкІ. **35.** Ди гъунэгъу пщащэм ... щэн зэтес дыбольагъу. **36.** ХадэхэкІ. **37.** Лым трищІэ пщэрыпІэ. **38.** ІэщІэвыщІэ. **41.** ЛъэхьшапІэ. **43.** Псы фэм дищІэу кьэушырыба щыпІэ. **44.** Нартхэм я ху нэд жылапхъэр яфІэзыкъа. **46.** Лъэпкъ Іэуху зэзыкъэшхуэ. **47.** Нартхэм я фадэр кьызыхащІыкІыу щыта пхъэщхьэмыщхьэ.

Зэхэзылъхьар МЫЗ Ахьмэдщ.



Дыгъэгъаэзм и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **2.** Шэд. **3.** Былым. **5.** Гъуджэ. **6.** Акьужь. **8.** Гъэгуш. **10.** Гъуамэ. **12.** Бжэн. **13.** Джэду. **15.** Бжэгъу. **17.** Бжьын. **18.** Пщы. **20.** Гуу. **21.** Уз. **22.** Щхьэ. **24.** Хьэ. **25.** Ем. **27.** Іушэ. **28.** Адэ. **30.** Сом. **32.** Фэчиць. **34.** Іуащхьэ. **35.** Напэ. **36.** Гъуаэз. **37.** Нэпщ. **39.** Щхьэм. **40.** Хьэпс. **42.** Псей. **43.** Уд. **45.** Іумыл. **47.** Щытхъу. **49.** Іуэ. **51.** Пцы. **52.** Іупс. **53.** ТэкІу.

Къехьу: **1.** Хьэблэ. **3.** Бэдж. **4.** Мэкъу. **5.** Гъудэ. **7.** Жьым. **9.** Гудэ. **11.** Ажэ. **12.** Бажэ. **14.** Удын. **16.** Гъуэгу. **17.** Баз. **19.** Щхьэфэ. **23.** Хьэсэгъу. **24.** Хьэсы. **26.** Мыщэ. **27.** Іужажэ. **29.** Ду. **31.** Мазае. **33.** Кьебэ. **34.** Іущхьэ. **38.** Щафтэ. **39.** ЩэІу. **41.** Сэхъу. **42.** Псафэ. **44.** Дыгъужь. **46.** Мащэ. **48.** Тхъупс. **49.** Іулъхьэ. **50.** Акіэ. **53.** Тпы. **54.** Кіуэ.

● Щикъуэхьащ адыгэр дунеижьым



Шыгъэлыгъуэ Мерал. *2006 гъэ*

И адэ Ата и куэщІым исщ. Мерал илъэси 4 мэхъу. *1963 гъэ*

Шыгъэлыгъуэ Мерал и вагъуэ

«ПІэщІыгъуэ тІэлыджэ» тыркуэ сериал цІэрыІуэр зытха икІи зыгъэуха Шыгъэлыгъуэ (Окай) Мерал Ата и пхъур илъэс 53-м иту 2012 гъэм и пэщІэдзэм дунейм ехыжауэ щытащ. «ПІэщІыгъуэ тІэлыджэр» зи Іэдакъэщіэкі бзылъхугъэр ешыр цІыхубз тІэлыджэт»,- гуапэу ягу кьагъэкІыж Мерал зыцІыхуахэм.

ШЫГЪЭЛЫГЪУЭ Мерал 1959 гъэм фокІадэм и 20-м Анкара къыщалъхуащ. Адыгэ унагъуэ кьыхэкІа хъыджэбз цІыкІум и адэр дзэм хэтт. Университетым политикэмрэ цІыхубзэм ядэлэжьэнымкІэ и факультетым щеджащ. ИлъэситхкІэ кьэрал кьулыкъу зэрихьауэ, Шыгъэлыгъуэ Мерал Ататюрк илъэсищэ щрикъум кьыззэрагъэпэщащ, щІым телэжьыхьыныбмкІэ Дунейпсо Банкым и комиссэм хагъэхьауэ щытащ, иужькІэ Тыркум и Лэжьакіуэ партым хэтащ.

Апхэдэзу Мерал Анкара щылажьэ Адыгэ Хасэм и къэфакІуэ гупым илъэс зыбжанэкІэ хэтащ, адыгэбзэ фІыуэ ищІэрт. Абы и дзпъуэ Мэжид усакІузщ. Ар КъБР-м мьзэ-мытІэу щыІащ, и адэ Шыгъэлыгъуэ Атарэ и адэ къуэш Самирэ я гъусэу.

1983 гъэм, Истамбыл Іэпхъуа нэужь, Мерал «Гюнайдын» газетым щылэжьэн щІедзэ. КьыдэкІыгъуэхэр гъэхьэзырыным, ахэр дунейм кьытегъэхьэным йолажь. Тырку уэрэджыакІуэ цІэрыІуэ Аксу Сезен и гъусэу сценарийхэр етх, уэрэдхэм псалъэхэр щІегъэувэ.

1984 гъэм ар театрми киноми щыджэгу актер Окай Йаман дэкІуащ, арщхьэкІэ, илъэсипщІ фІэкІа дэмыкІыу, и щхьэгъусэм уэ Іей кьыпкърыхьэри, дунейм ехьажащ. Езы Мерали зэрылыкІар а уэ дыдэращ.

Окай Мерал фильм зэпеуэхэм я саугъэт куэд къихьащ. Абыхэм ящыщщ 2002 гъэм кьыхуагъэфэщауэ щыта цІэр, «Артист бзылъхугъэхэм я нэхъ жумарт» жьыхуиІэр.

Сценарист Іэзэм и лэжьыгъэ нэхъ убгъуауэхэм ящыщщ дуней псом щыщІэрыІуэ, урысей телевизореплъхэми ягу ирихьа «ПІэщІыгъуэ телъыджэ» сериалыр (ар Іыхьэ 400-м щІегъуэ).

«ПІэщІыгъуэ телъыджэр» уэсмэн сулъТІан Сулеймэн Телъыджэмрэ Украинэ Кухьэпіэм щыщ бзылъхугъэ Роксоланэрэ яку дэлъа Лъагъуныгъэм теуэащ. Сериалым лъабжьэ хуэхъуащ тхыдэ роман зыбжанэрэ дэфтэр гуэрхэмрэ. Роксоланэ сабийуэ гъэр хъури. Истамбыл кьашауэ щытащ. ИужькІэ премьер-министр Ибрэхьим ар тыгъэу сулъТІаным иритащ. СулъТІан гуащэ хъуну мурад зыщІа бзылъхугъэм и пльапІэм лъэІэсын щхьэкІэ лъэкІ къиГъэнакъым, зыхуейри къыІэрыхьащ. Муслымэн диным ихьа нэужь, абы Хьурем цІэр кьысфІащащ. ЦІыхубзыр и лІыр зыхуэарэзы щхьэгъусэ къудейтэкъым, ар псалъэкІэкІи зыщІыгъкІэкІи цІыхуэхэм щапхъэ яхуэхъуфырт, къэралым кьыхуэсэбэпын гупсысэкІэ кууи кьыгъэльагъуэрт.

ЦІыХУМ и уасэр нэуэ кьыщІыхъыр ар щыщІымыІэжьым и дежщ. Шыгъэлыгъуэ Мерал дунейм ехьажа нэужь хужаІа псалъэхэми ар зэрыщІтар кьаІуэтэ.

«Къаруушуэрэ гукъэкІ кьызэрымыкІуэрэ зиІэ бзылъхугъэт ар, - игу кьеГъэкІыж Мерал Іуэрдолэжьа Тайлан Ямур. - Тыркумрэ мы хэкум и щэнхабзэмрэ я сэбэпышхуэ зыхэлъ цІыху яфІэкІуэдащ».

ЧЭРИМ Марьянэ.

Анкара Адыгэ Хасэм и къэфакІуэ гупым хэтщ. Мерал сэмэгумкІэ ещанэщ. *1976 гъэ, дыгъэгъаэзм и 17*

● Къэпкъ шхыныгъуэхэр

Зэпкърымыхауэ гъэжьа тхьэкІумэкІыхьыл

ЗІ фЭ траха тхьэкІуэмэкІыхьыр ятхъэщІри ягъэгъущыж. И бгъэлэгубэм хуэзанщІэу и кІыхьагъкІэ зэгуауд, и бгъуагъкІэ зэгуатхъри, пхъэ уадэкІэ е бэлагъкІэ яуІэ хуэдэу ящІ. Шыгъуэ тракІутэри, ІэкІэ яІуэтурэ фІыуэ лым хагъэхьэ, итІанэ тебэшхуэкІэ тхъу кьагъэпІъ, абы тхьэкІумэкІыхьым и щІыбыр къыдэгъэзэнуэ ираЛъхъэ. Тебащхьэр трапІэри, зэрагъэдзэкІыурэ тхъэпІъ хъуху ягъажьэ мафІэ иным тету.

ИтІанэ тебащхьэр трах, щатэ фІыуэ тракІэри хьэжьлъэм ирагъэувэ. Дакъикъи 10 - 15-кІэ ягъажьэ. Тебэр хьэжьлъэм кьрахьиж, абы хаЛъхъэ бжьынныху убар, щыбжий сыр ущэбар, псы щІыІэ тІэкІу щІакІэри, тебащхьэр тепІауэ мафІэр щабэ дыдэу блэуэ хьэзыр хьуху ягъэбжкъ.

Іэнэм щытрагъэувэнум и деж тхьэкІумэкІыхь бэкъкъар Іыхьэ-Іыхьэу зэпаупщІри тепщэчым ираЛъхъэ. Абы тракІэж зэрагъэжьа дагъэмрэ езым кьыщІэжа псымрэ. Яшх пщтыру, пІастэ хуабэ е щІакхъуэ и гъусэу.

ХатЛъхьэхэр: тхьэкІумэкІыхьу - 1 (г 3000), тхъуэ - г 300, щатэу - г 150-рэ, бжьыныху укъэбзауэ - г 100, псывэу - г 250-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хэдиз.

Жьхъэ пщтыркІэ гъэжьа кІэртІоф

Жьхъэ пщтырыр зэбгратхъури, кІэртІофу зыхуейм хуэдиз пэраЛъхъэ. Жьхъэ пщтыр тракІутэжри ягъажьэ хьэзыр хъуху, дакъикъэ 20 - 25-кІэ. КІэртІофыр зэрыжьэну зэманыр зэлъытар жьхъэм и пщтырагъырщ. КІэртІоф жьар жьхъэм кьыпэрахьиж, ягъэкъабзэри, шыгъу траудзуэрэ яшх.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьІпъым кьитхьжащ.

● Псалъэжьхэр

Нэгум щІэхур гум йохуж

- Напэм техуэр жьэм жеІэф.
- ПащІэр ними, жьакІэр щІнуфэркъым.
- Псалъэ гуапэ гугъэдахэщ.
- Псы Іуфэм Іут дзэлыр мэхъуапсэ.
- Псыр псэхэлъхьжщ.
- ПщІым лъакъуэ щІэткъым.
- Нэгум щІэхур гум йохуж.
- Пхуэмыфащэ хьэлъэщ.

НЭГЪУЕЙ Радимэ

Уэс Іэпэхъ

Налкъутналмэсу уэгум илъыр,
Хьэуам джэрэзу кърехьэх.
ЗэтепщІыпщІыкІыу уагъэ джылъыр
Сэ къызеущІэкІыр уэс Іэпэхъ.

Щхьэц тІэрэзами къытесащи,
ЩыгъэІ нэрыпэу зэролъэлъ.
Нэбжьыщхэр кхъуакІэу кьищІыхьащи,
НитІым щІагъапщкІуэ си гухэлъ.

Си пэкІущхьитІыр дыхьэрэну,
Сэхуэсэплькіэ щабэу кьрелыкІ.
Іупэм хульэкІкъым лъэІэсыну,
Іубахъэ пщтырым ар фІолІыкІ.

● Гупсысэр - псалъэкІэ

Гу щІыІэ

ЗЭГУЭР сэ хуабэу сыщытат. Гуныкъуэгъуэ ущиІи, зэшыр кьущІыптеуи, цыхухэм уакъыщыгурымыІуи укъакІуэрти, кьыспкърыкІ хуабэм зебгъэкъуат. Утезгъэужырт, уи гур пхуэзгъэІэфІыжырт. Си бжэр пхузІуохати, хуеиху укьысльихьэрт. Сыкъэпльыхьуэн хуеи хьуртэкъым - сыт щыгъуи пщІэрт сыздэщыІэр. ПщІэнтэкъэ, абы фІэкІа Іуэху сымыІэу, сыппэплъэу уи гъуэгум сыщытеткІэ? Уэ гуауэ кьыплъысамэ, сэ сынэщхьейт, лъэпощхьэпо уІууамэ, уи япэ снуэвэрти, уи Іуэху пхуэзфІэгъэзэкІыр. Си гупсысэр птезуху щати, сэ езым гъащІэ сызэриІэр сІэщІзгъупщыкІыжауэ, ууеймкІэ сыпсэурт. НэгъуэщІу жьыпІэмэ, уэ сыпхуэпсэурт...

Арати, уэ ущыкІащ. ЩыльлъэІуэн хуейм дежи унафэ пщы хъуащ. Уи псалъэхэм я Іэужь си уІэгъэхэр кьибдзэртэкъым. Зызэхуэсщэурэ, умыльаГъужьыхьхэн хуэдиз сыхьуат. Хуабагъэ гуэри кьыспкърыкІыжьиртэкъым. СиІэжэтэкъым гукъыдэж. Уэ кІэбгъу зыпщІыжри, уи хьуреягъыр кьебгъэбыдэкІыжащ. Упсэуащ апхуэдэу зыкъомрэ. Хуабагъэу сэ ныпкъэсльхьар бухьиху. ИтІанэ-щэ?! Уэзса гуапагъэр нэгъуэщІыпІэ щыщумыгъуэтым, уигу кьэкІыжащ сызэрыщыІэр. Си деж укъэзыщІу щыта, банэмрэ кьуацІ-чыщэмрэ зэщІабла гъуэгур кьэбгъуэтыжри, укьытеувэжащ. Нэхьапэм хуэдэжтэкъым гъуэгур. КІыхьт, быркъуэшыркъуэт. Лъагъуэ бгынэжа гуэрт. Гъуэгу зэщІэкІар бгъэкъэбзэжурэ, бжэІупэм нэс укъэкІуащ. УэзрыщІегъужар кьызыхэщ псалъэ гуэрхэр схуэбгъэхьэзырауэ уи бзэгупэм тельт. Ухьэзырт, укьызэрысІупльэу, а псор кьыстебгъальэльэну. ИтІанэ уснхъуэтэжьын уфІэщІу кьыщІэкІынут.

Ауэ сэ иджы сыгущІыІэт. ПщІэжрэт, зызэхуишэурэ ужьыхьжа гу цыкІур?! АтІэ мис ар уэлбанэм хиубыдэри, зыгъэхуэбапІэ имыгъуэтрэ диящ, щтад. Уэ хуабапІэу уиІам игъуэтыжакъым езыр зыгъэхуэ- бэн.

Си бжэІупэм ІуищІа мылым ущытеувэм, ущІэщІэнтхъри утехуащ. УкъыІэзэфІэувэжьну кьару щумыгъуэтым, укъэпщу ухуежьащ. Ари пхуэздакъым. Жьапщэмрэ уаемрэ уэсщІэкІри укъыІуэгъэхьакъым. Сылейм ирогъэут. Сы гу щІыІэт. Уэркіэ сы гу щІыІэт.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Къуажэхьэр

Блапціэ къарэ

- Ди боушхуэ ящІ гуп щІэсщ.
- Ди джабэ пхъэ Іэплі щІэтащ.
- Блапціэ къарэ, къарэ убыд.
- Ар унмыІэу зырн пхужьыныІэ.
- Ди псы къуэкІий уэс досэ.
- Ди унащхьэ дыщэ баш тельщ.

ЖЭУАПХЭР:

Ирихьа Лъэпкъ хъэмкІэ Бзэгу ГъэмкІэ Адыгэ Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэжІ.

Псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

ЕкІуэкІыу: **2.** Шэд. **3.** Былым. **5.** Гъуджэ. **6.** Акьужь. **8.** Гъэгуш. **10.** Гъуамэ. **12.** Бжэн. **13.** Джэду. **15.** Бжэгъу. **17.** Бжьын. **18.** Пщы. **20.** Гуу. **21.** Уз. **22.** Щхьэ. **24.** Хьэ. **25.** Ем. **27.** Іушэ. **28.** Адэ. **30.** Сом. **32.** Фэчиць. **34.** Іуащхьэ. **35.** Напэ. **36.** Гъуаэз. **37.** Нэпщ. **39.** Щхьэм. **40.** Хьэпс. **42.** Псей. **43.** Уд. **45.** Іумыл. **47.** Щытхъу. **49.** Іуэ. **51.** Пцы. **52.** Іупс. **53.** Тэкіу.

Къехьу: **1.** Хьэблэ. **3.** Бэдж. **4.** Мэкъу. **5.** Гъудэ. **7.** Жьым. **9.** Гудэ. **11.** Ажэ. **12.** Бажэ. **14.** Удын. **16.** Гъуэгу. **17.** Баз. **19.** Щхьэфэ. **23.** Хьэсэгъу. **24.** Хьэсы. **26.** Мыщэ. **27.** Іужажэ. **29.** Ду. **31.** Мазае. **33.** Кьебэ. **34.** Іущхьэ. **38.** Щафтэ. **39.** ЩэІу. **41.** Сэхъу. **42.** Псафэ. **44.** Дыгъужь. **46.** Мащэ. **48.** Тхъупс. **49.** Іулъхьэ. **50.** Акіэ. **53.** Тпы. **54.** Кіуэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаеэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьакІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыдэж Замир», Хьэжьыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**

КьыдэзыгъэкІэрэр редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэжІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ешІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жьылагъэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щинхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; еГъэдэкныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзэкІэуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхуиъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэм ящу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынырэ и пщэ дальщ КъБР-м федеральэ пощт зэпыщІынырэ хэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъаэзм и 16-м Печатым и хунтынигъэр хьумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №ІІ-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Лениным и щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактор ЖьакІэмыхьу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Инэ *(1, 2, 5-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 4, 6-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* Мырзэкан ФатІимэ. *Компьютерхэм я гатетым и теплъэр ящІащ* Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *суэрэтхэм елэжьар* Бицу Жанизэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ траддэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.040 ● Заказ №32